

## AVI SOU ODYANS PIBLIK

Avi sou Reyinyon Publik sila a disponib nan lang altènatif (Español -- Tiếng Việt -- Chinese -- Kreyòl Ayisyen -- Português) sou <https://www.mass.gov/orgs/executive-office-of-energy-and-environmental-affairs> anba “Upcoming Events”.

Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònmantral la (EEA) relouvri peryòd la pou kòmantè piblik sou règleman ki pwopoze ki otorize pa Chapit 274 nan Lalwa 2022 yo, Yon Lwa pou Prezève Espas Ouvè nan Commonwealth la, epi l ap òganize ton twazyèm odyans piblik sou règleman ki pwopoze yo. Peryòd kòmantè a pral fèmen a 5pm jou 26 Mas 2025. Règleman ki pwopoze yo, 301 CMR 52.00: *Dispozisyon oswa Chanjman nan Itilizasyon Enterè Atik 97 yo*, egzije pa Lalwa a epi sa bay pwosedi ak egzijans pou pwopozisyon pou chanje itilizasyon an oubyen dispoze tè oswa enterè nan tè sijè ak Atik 97 nan Amanman Konstitisyon Commonwealth la. EEA ap chache kòmantè piblik sou règleman ki pwopoze yo.

Yon kopi règleman ki pwopoze yo, yon Avi pou Moun k ap Egzamine li yo, ak lòt materyèl disponib sou sitwèb EEA a ki sou [Atik 97 & Yon Lwa ki pou Prezève Espas Ouvè nan Commonwealth la \(M.G.L. c. 3, § 5A\) | Mass.gov](#). Epi tou ou ka jwenn kopi si w voye yon imèl bay [Michael.gendron2@mass.gov](mailto:Michael.gendron2@mass.gov).

EEA ap òganize yon odyans piblik vityèl sou règleman sa yo a **4:00 PM jou Mèkredi 26 Mas 2025**. Enskripsyon obligatwa pou jwenn aksè nan sal odyans vityèl la, ke n ap founi atravè Zoom. [Pou enskri, ale sou: lyen](#). Pa gen egzijans pou moun enskri alavans odyans lan pou yo asiste; enskripsyon ak aksè nan odyans lan disponib ni anvan ni pandan reyinyon an jiskaske li fini.

Nou pral bay entèpretasyon similtane oral ak ASL nan odyans lan atravè sal odyans vityèl la.

Akomodasyon rezonab pou moun ki gen andikap yo disponib sou demann. Pou depoze yon demann pou akomodasyon tanpri voye imèl nan [eeadiversity@mass.gov](mailto:eeadiversity@mass.gov) oubyen rele 617-872-3270, epi yon Kowòdonatè ADA pral resevwa demann ou. Tanpri mete yon deskripsyon demann nan ak plis detay ki posib ak yon fason nou ka kontakte w si nou ta bezwen plis enfòmasyon. Tanpri pèmèt nou omwen de semèn (14 jou) avi davans. N ap aksepte demann nan dènye minit men nou kapab petèt pa konble demann sa yo.

Temwayaj kapab prezante oralman nan odyans piblik la oubyen alekri. EEA pral konsidere kòmantè alekri ke nou resevwa anvan **5:00 PM jou 26 Mas 2025**. EEA ankouraje soumisyon kòmantè ekri defason elektwonik bay [Michael.gendron2@mass.gov](mailto:Michael.gendron2@mass.gov). Tanpri fè referans ak 301 CMR 52 nan liy sijè a. Epi tou moun kapab poste kòmantè ekri nan: Executive Office of Energy and Environmental Affairs, Attn: Michael Gendron, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

<p>This document contains important information. Please have it translated immediately.</p> <p>В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.</p>	<p>Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.</p> <p>Este documento contém informações importantes. Por favor, traduza-lo imediatamente.</p>	<p>ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສຳຄັນ.</p> <p>ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ວ່າງ.</p>
<p>Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.</p> <p>تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يُرجى ترجمتها فوراً.</p>	<p>此文件含有重要信息。请立即找人翻译。</p> <p>본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.</p>	<p>ឯកសារនេះមានຂໍ້ព័ត៌មានដ៏សំខាន់។</p> <p>សូមបកប្រែវាជាបន្ទាន់។</p>
<p>Dokiman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.</p>	<p>Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.</p>	<p>Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.</p>